

Règleman Chanselye Chancellor Regulation (CR)

Kategori : **ELÈV**

Pibliye: 3 jiyè 2009

Nimewo : **A-601**

Sijè : AKTIVITE, CLUB AK ÒGANIZASYON

Paj : 1 nan 1

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye *Chancellor's Regulation* (CR) A-601 ki gen dat 15 fevriye 2007. Li souliye pwosesis pou etabli òganizasyon elèv ak club ki pa atletik ak obligasyon yo dwe respekte.

Chanjman:

- Nou mete ajou enfòmasyon sou moun pou kontakte

REZIME

Règleman sa a souliye pwosesis pou etabli òganizasyon elèv ak club ki pa atletik ak obligasyon yo dwe respekte. Li ranplase Règleman Chanselye A-601 ki gen dat 15 fevriye 2007.

I. PWOSESIS

- A. Elèv nan lekòl presegondè ak lekòl segondè gen dwa pou yo òganize ak patisipe nan òganizasyon ak club elèv, nan gwoup politik, relijye, ak gwoup filizofik dapre obligasyon lwa Aksè egal Equal Access Act avèk règleman sa a.
- B. Nenpòt elèv gen dwa vin manm nan òganizasyon oswa club elèv, kelkeswa ras li, kwayans li, relijyon li, laj li, orijin nasyonan li, andikap li kondisyon sitwayènte li, kondisyon marital li, sèks li, oswa oryantasyon seksyèl li.
- C. Tout club elèv ak òganizasyon elèv dwe anba sipèvizyon jeneral direktè lekòl la. Pa ka gen okenn aktivite òganizasyon elèv oswa club elèv nan lekòl la, nan lakou lekòl la, ni nan nenpòt aktivite ke lekòl la patwone, si direktè lekòl la pa bay apwobasyon li.
- D. Chak lekòl kapab kreye pwòp règleman yo ak pwosedi yo pou yo etabli club ak òganizasyon, depi yo mache avèk règleman sa a.
- E. Pou chak club ak/oswa òganizasyon elèv kapab jwenn yon kontra, li dwe:
 - gen yon gwoup elèv ki enterese ki inisyè ladan;
 - gen yon objektif ki nan menm liy avèk objektif lekòl la;
 - gen yon konseye manm estaf ki se yon pedagòg ki gen lisans Depatman Edikasyon;
 - gen apwobasyon gouvènman elèv la;
 - jwen apwobasyon direktè lekòl la k ap bay dènye mo li nan pwosesis kontra a.
- F. Direktè lekòl la ap nome konseye manm estaf la apre li fin pale avèk club oswa òganizasyon elèv la.
- G. Yon konseye manm estaf oswa reprezantan direktè lekòl la dwe la nan tout aktivite club oswa òganizasyon elèv la.
- H. Chak club oswa òganizasyon elèv dwe gen nan dosye yon konstitisyon oswa lwa entèn ki prezante, nan yon minimòm, objektif li, konpozisyon li, responsablite manm ekzekitif yo, pwosesis pou eleksyon ak pwosedi pou mete yon manm atè.
- I. Club ak òganizasyon elèv pa kapab chaje frè kotizasyon pou vin manm ni egzije nenpòt lòt fòm inisyasyon.
- J. Yo entèdi sosyete sekre, club sekre, òganizasyon sekre tankou gang nan lekòl la.
- K. Tout fon yon club elèv oswa aktivite elèv ranmase dwe an konfòmite avèk Règleman chanselye A-610.

II. KESYON

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, ou ta dwe kontakte :

Telefòn :
212-374-6807

Office of Youth Development
N.Y.C. Department of Education
52 Chambers St - Room 218
New York, NY 10007

Faks :
212-374-5751